

6 Desanm 2024

AVI SOU EKSTANSYON PERYÒD KÒMANTÈ PIBLIK LA

Avi sou odyans piblik anba a te publiye nan Massachusetts Register jou 6 Desanm 2024. Atravè avi modifeye sila a, EEA ap bay yon ekstansyon pou peryòd kòmantè piblik la **jiska 5pm jou 22 Janvyè 2025**. Pral toujou genyen yon odyans piblik ki pral fèt 17/12/24 jan sa te pwograme orijinalman.

AVI SOU ODYANS PIBLIK

Este Aviso de Reunião Pública está disponível em idiomas alternativos ([繁體中文](#), [Kreyòl ayisyen](#), [Português](#), [Portugal](#), [Español](#), [Tiếng Việt](#)).

Biwo Egzekitif sou Enèji ak Afè Anviwònmanal la (EEA) pral fè yon odyans piblik sou nouvo regilasyon ki pwopoze ki otorize nan chapit 274 nan Lalwa 2022 yo, Yon Lwa ki pou Prezève Espas Ouvè nan Eta a. Regilasyon ki pwopoze yo, 301 CMR 52.00: *Dispozisyon oswa Chanjman nan Enterè Itilizasyon Atik 97*, obligatwa selon Lalwa a epi yo bay pwosedi ak egzijans pou pwopozisyon pou chanje itilizasyon an oswa dispoze tè oswa enterè ki afekte nan Atik 97 nan Amanman yo pou Konstitisyon Eta a. EEA ap chache kòmantè piblik sou regilasyon ki pwopoze yo.

Genyen yon kopi regilasyon ki pwopoze yo sou sitwèb EEA a sou [Atike 97 & Yon Lwa ki pou Prezève Espas Ouvè nan Eta a \(M.G.L. c. 3, § 5A\) | Mass.gov](#). Epi tou ou kapab jwenn kopi depi w voye yon imèl bay Michael.gendron2@mass.gov.

EEA pral fè yon odyans piblik ibrid an-pèsòn ak vityèl sou regilasyon sa yo a **1:00 PM jou Madi 17 Desanm 2024**. Odyans an-pèsòn nan pral fèt nan gwo sal reyinyon an nan Katyè Jeneral MassWildlife ki nan 1 Rabbit Hill Road, Westborough, MA 01581.

Enskripsyon obligatwa pou jwenn aksè nan sal odyans vityèl la, ki pral fèt sou Zoom. Pou enskri, ale sou : [lyen](#). Moun pa oblije enskri davans odyans la pou yo asiste li; enskripsyon ak aksè nan odyans la disponib anvan ak pandan reyinyon an jiskaske li fini.

Nou pral founi tradiksyon oral o menm tan an nan odyans la atravè sal odyans vityèl la.

Akomodasyon rezonab pou moun ki gen andikap yo disponib sou demann. Pou depoze yon demann pou yon akomodasyon tanpri voye yon imèl bay eeadiversity@mass.gov oubyen rele 617-872-3270, epi yon Kowòdonatè ADA pral resevwa demann ou an. Tanpri mete yon deskripsyon demann nan ak plis detay ki posib avèk yon fason pou nou kontakte w si nou ta bezwen plis enfòmasyon. Tanpri avèti nou omwens de semèn (14 jou) alavans. Nou pral aksepte demann nan dènye minit moun nou kapab petèt pa konble demann nan.

Temwayaj kapab prezante oralman nan odyans piblik la oswa alekri. EEA pral konsidere kòmantè ekri ke yo resevwa anvan **5:00pm jou 22 Janvyè 2025**. EEA ankouraje soumisyon kòmantè ekri nan mwayen elektwonik bay Michael.gendron2@mass.gov. Tanpri mete 301 CMR 52 nan sijè imèl la. Epi tou moun kapab poste kòmantè ekri nan: Executive Office of Energy and Environmental Affairs, Attn: Michael Gendron, 100 Cambridge Street, Suite 900, Boston, MA 02114.

<p>This document contains important information. Please have it translated immediately.</p>	<p>Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.</p>	<p>ເອກະສານສະບັບນີ້ ບັນຈຸຂໍ້ມູນສຳຄັນ. ກະລຸນາເອົາເອກະສານສະບັບນີ້ໄປແປອອກ ຢ່າງບໍ່ວ່າວິ.</p>
<p>В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.</p>	<p>Este documento contém informações importantes. Por favor, traduzi-lo imediatamente.</p>	<p>ຍ່າງບໍ່ວ່າວິ.</p>
<p>Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.</p>	<p>此文件含有重要信息。 请立即找人翻译。</p>	<p>ໝັກສາກເນ: ມາສູງຖີ່ ທີ່ ມາສູງຖີ່ ສໍາຄັນ ຯ ສູງບກຖືບຳ ຈຳບູຊາ ຯ</p>
<p>تحتوي هذه الوثيقة على معلومات هامة. يُرجى ترجمتها فوراً.</p>	<p>본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.</p>	<p>Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.</p>
<p>Docikman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fè yon moun tradwi l touswit.</p>	<p>Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng. Vui lòng dịch tài liệu này ngay.</p>	